

SS.7.C.2.4

Evalye dwa yo ki genyen nan Deklarasyon Dwa yo ak lòt amannman nan Konstitisyon an.

SS.7.C.2.4 Klarifikasyon sou Nasyon Fondamantal 5: Elèv yo ap itilize senaryo pou rekonèt vyolasyon Deklarasyon Dwa yo oswa lòt amannman konstitisyonèl yo.

Fraz **Deklarasyon Dwa yo** pa totalman klè. Kisa ki "diskou"? "Kisa ki se libète egzèsis relijye"? Kisa sa vle di "garanti dwa a konsèy"? Yo te mande Lakou Siprèm peyi Etazini pou esplike sityasyon kote yo te mande yon moun si wi ou non lalwa federal, eta a, oswa lalwa lokal te vyole dwa yo ki garanti anba Konstitisyon peyi Etazini an.

Atravè analiz sityasyon sa yo, Lakou Siprèm peyi Etazini te entèprete sa Deklarasyon Dwa yo ak lòt amannman yo ki nan Konstitisyon an vle di. Atravè entèpretasyon sa yo, Lakou Siprèm peyi Etazini te rekonèt vyolasyon (abi) nan pwoteksyon Konstitisyonèl yo. Epitou, desizyon sa yo te etabli **presedan** pou desizyon tribinal yo nan lavni.

Yon egzanp se **Tinker v. Des Moines** (1969). Ka sa a te entèprete dwa Premye Amannman nan libète lapawòl enkli "**diskou senbolik**". John ak Mary Beth Tinker, te nan lekòl piblik nan Des Moines, Iowa, te vle mete braslè nwa nan lekòl la pou yo te pwoteste kont Lagè Vyetnam an 1965 lan. Lekòl la pat pèmèt elèv yo pou mete braslè nwa, e yo te voye Tinkers yo ale lakay yo. Paran yo te rele distri lekòl la nan leta, evantyèlman Lakou Siprèm peyi Etazini te tandè ka a. Tribinal la te deside ke mete braslè nwa se yon fòm "diskou senbolik" oswa "diskou politik" ki te pwoteje nan dwa "libète lapawòl" nan Premye Amannman an. Lakou Siprèm peyi Etazini te di ke refize elèv yo dwa pou mete braslè nwa, vyole dwa libète lapawòl yo anba Deklarasyon Dwa yo.

Miranda v. Arizona (1966) se te yon ka sou pwoteksyon kont **akizasyon sou pwòp tèt ou** oswa dwa pou **plede senkyèm Amannman** an (rete an silans). Lapolis pat di Miranda ke li pat gen pou di lapolis anyen lè yo te kesyone l. Li konfese de yon krim, e yo te itilize konfesyon an kont li nan tribinal. Lakou Siprèm peyi Etazini te deside ke yo pat kapab itilize konfesyon li a kont li nan tribinal paske polis la pat di l ke li te gen dwa pou rete an silans (pou l pa enkrimine tèt li). Akòz de rezilta nan ka sa a, lapolis dwe enfòmè moun yo de dwa yo, si yo te arete yo paske yo komèt yon krim. Dwa sa yo rele kounyè a Dwa Miranda.

akizasyon pwòp tèt ou - dwa ki nan Senkyèm Amannman an ki pwoteje yon moun pou yo pa fòse l di lapolis, pèsekite, jij, oswa jiri nenpòt enfòmasyon ki ta ka lakoz li pou pèsekisyon kriminèl

Deklarasyon Dwa - dis premye amannman yo ki nan Konstitisyon peyi Etazini

diskou senbolik - yon aksyon ki eksprime yon lide

Miranda v. Arizona – ka Lakou Siprèm peyi Etazini ki konfime pwoteksyon nan Senkyèm Amannman an kont akizasyon pwòp tèt yon moun

Plede senkyèm Amannman an – dwa yon moun pou refize temwanyen nan tribinal jistis sou perèz ke repons yo kapab itilize kòm prèv kont li pou kondane li nan yon zak kriminèl

presedan – desizyon tribinal la nan yon ka avan ki gen reyaltite pwoblèm legal ki sanble avèk yon ka ki devan tribinal la kounyè a

Tinker v. Des Moines – ka Lakou Siprèm peyi Etazini ki konfime dwa Premye Amannman yon elèv pou angaje yo nan diskou senbolik nan lekòl

Sous:

"Featured Cases." *Landmark Cases of the U.S. Supreme Court*. Street Law, n.d. Web. 10 March 2014.

<<http://www.streetlaw.org/en/landmark.aspx,%20oyez.org>>

"You've Got Rights." iCivics.org, n.d. Web. 10 March 2014.

<<https://www.icivics.org/teachers/lessonplans/youve-got-rights>>